



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PILIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE OKTÒB KÒM MWA
SANSIBILIZASYON SOU ANPLWA POU ANDIKAPE**

***Pwoklamasyon an sansibilize sou anplwa pou andikape epi kontinye angajman
New York depi lontan pou travayè ki andikape yo***

Pwoklamasyon an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare oktòb kòm Mwa Sansibilizasyon sou Anplwa pou Andikape. Eta New York gen yon angajman depi lontan pou sipòte espas travay ki enklizif epi li deja aplike solisyon inovan pou asire travayè andikape yo gen pi bon aksè ak sistèm finansye, sante, ak sistèm travay yo. Inisyativ sa yo te pèmèt travayè andikape yo chèche endepandans finansye atravè anplwa, ki an retou diminye chomaj ak povrete nan kominote andikape a.

"Eta New York angaje pou asire ke travayè andikape li yo gen opòtinite egal epi yo sipòte yo nan espas travay la ak odela", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou angaje nou nan asire ke yo pa janm neglije sila yo ki gen andikap yo, e ke yo gen bon jan kalite opsyon anplwa ki jis nan eta sa a. Ann selebre travayè andikape nou yo mwa sa a ak tout sa yo kontribye epi fè chak jou."

Pandan tout pandemi an, Eta New York toujou kontinye travay li pou sipòte travayè andikape yo, ki gen ladan sila yo ki afekte pa COVID-19 epi fè fas ak efè alontèm viris la

New York te travay tou pou sipòte kominote andikape a atravè Politik Anplwa Dabò (Employment First Policy), ki mache nan objektif pou diminye povrete ak ogmante anplwa pou kominote andikape a lè li anrejistre biznis ki gen politik fòmèl pou enkli moun ki andikape yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse dènyèman pwojè lojman sipò abòdab nan vil yo tankou Brooklyn ak Buffalo. Devlopman lojman sa yo gen ladan sèvis sipò pou moun ki gen andikap fizik ak mantal, sa ki pèmèt yo gen yon kote ki abòdab pou yo viv ak gen pi gwo aksè ak sèvis andikap ke yo bezwen.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)